# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में यूपी पुलिस दूरसंचार विभाग में चुनल गइल एक हजार 494 सहायक परिचालकन के नियुक्ति पत्र दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहले कि दुइ हजार सतरह में डबल इंजन सरकार बनले पे सबसे पहिले भरती के पारदरसी अउर निस्पक्ष बनावे बदे बड़हन कदम उठावल गइल। येहि के नतीजा हौ कि पूरा देस में उत्तर प्रदेस सबसे बेसी पुलिस क भरती अउर सरकारी नोकरी देहले में पहिला नंबर पर हौ।

**उत्तर प्रदेश पुलिस बल देश के अंदर एकमात्र पुलिस बल हो सकता है सिविल पुलिस का एक ऐसा बल हो सकता है जिसने 2 लाख 17500 से अधिक कार्मिकों की भर्ती की प्रक्रिया को निष्पक्ष संपन्न करवाने में सफलता प्राप्त की है यानी पिछले आठ सवा आठ वर्ष में जितनी हमने भर्ती की है बहुत सारे राज्यों में तो उसका एक चौथाई भी पूरा पुलिस बल नहीं है जितना हमने मात्र 8 वर्ष में ही संपन्न कर दिया है और अभी तो उत्तर प्रदेश पुलिस बल में 30000 और पुलिस भर्ती की प्रक्रिया की कार्यक्रम को आगे बढ़ाने के लिए युद्ध स्तर पर कार्रवाई आगे प्रारंभ हुई।**

**********

प्रदेस सरकार ड्रोन गतिविधियन के लेके कड़ेर नियम जारी कइले हौ। प्रमुख सचिव गृह अउर पुलिस महानिदेसक के साथे उच्च स्तरीय बैठक के बादि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ साफ कइले कि ड्रोन के जरिए दहसत चाहे अफवाह फइलावे क कोसिस करे वालन पे गैंगेस्टर एक्ट क कार्रवाई कइल जाइ। जरूरत पर रासुको लगावल जा सकी। उहां के कहलीं कि बगैर अनुमति ड्रोन चलवले पर पुरहर रोक रही आ दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाही कइल जाइ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि तकनीक क गलत इस्तेमाल करे वालन के छोड़ल नाही जाइ।

**********

प्रदेस के गोण्डा जिला में आजु भिन्नही पारासराय अलावल देवरिया सड़कि पे सरयू नदी पुल के नगीचे नहर में बोलेरो कार गिरले से 11 लोगिन के मउति हो गइल आ चार अउरियो घाही हो गइले। पुलिस के मोताबित पृथ्वीनाथ मंदिर जा रहल येह कार में पनरह सरधालु सवार रहलें। गोण्डा के पुलिस कपतान विनीत जायसवाल बतउलें कि 11 शवन के बरामद कइ लिहल गइल हौ।

**चार लोगों को नहर में से जीवित निकाल लिया गया है जो सुरक्षित हैं और प्राथमिक उपचार हेतु उन्हें ...दिया गया है। 11 लोगों की दुर्घटना में दुखद मृत्यु हो गई है। 11 लोगों के शव निकाल कर इनके पंचायतनामा की कार्रवाही कर पोस्टमार्टम हेतु जिला अस्पताल, गोंडा भिजवा दिया गया है। बाकी तत्काल इस तरह की सूचना प्राप्त होते ही सभी अधिकारी यहां मौजूद हैं। एसडीआरएफ की टीम हमारी मौके पर आ गई है और रेसक्यू और सर्च ऑपरेशन अभी भी उनका जारी है।**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हादसा में मृतक लोगिन के प्रति सोक जतावत सोसल मीडिया पोस्ट में बतउलें कि हर मृतक के परिजन लोगिन के प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोसि से दुइ दुइ लाख रूपिया दिहल जाइ। घाही लोगिन के पचास पचास हजार रूपिया दिहल जाइ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हादसा पर दुख जतावत मृतकन के परिजन लोगिन के पच–पच लाख रूपिया देवे क घोसणा कइले हवें।

**********

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव आजु भावनगर रेलवे स्टेसन से भावनगर–अयोध्या छावनी साप्ताहिक रेलगाड़ी के झंडी देखा के रवाना कइलें। श्री वैष्णव रीवां से दुइ अउरियो रेलगाड़ी के वर्चुअल जरिया से झंडी देखवलें। उहां के कहलीं कि पछिला 11 बरिस में भारतीय रेलवे में खास बदलाव भइल हौ।

**********

सावन महिन्ना के चउथा आ आखिरी सोमवार के बिहने श्री काशी विश्वनाथ धाम में बाबा विश्वनाथ क भव्य रूद्राक्ष सिंगार होइ। महादेव के भक्त लोगि बाबा के अलौकिक रूप क दिव्य दरसन कर पइहें। श्री काशी विश्वनाथ मंदिर में सावन के हर सोमवार के बाबा विश्वनाथ के अगल–अलग रूप क विसेस सिंगार कइल जाला। ओहर प्रदेस के तमाम जिला में सावन के चउथा सोमवार के मौका पे सिवभक्तन आ कावड़ियन बदे खास इंतिजाम कइल जा रहल हौ। कई जिला में यातायात व्यवस्था बदलल गइल हौ। कइ जगहिन पर कावड़ियन पर फूलों बरसावे के इतिजाम कइल जा रहल हौ।

**********

लगतारे हो रहल बरखा आ बैराजन से पानी छोड़ले के चलते प्रदेस में गंगा जमुना समेत कइ नदियन के जलस्तर में बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ। मिरजापुर जिला में गंगा नदी खतरा के निसान से उपर बहि रहल हौ। केन्द्रीय मंत्री अनुप्रिया पटेल आजु बाढ़ प्रभावित नारायणपुर ब्लाक के गावन क दौरा कइलीन अउर पड़ितन के सेमेस्या के सुनि के ओके दूर करे बदे निरदेस देहलीन। बनारस के डीएम सत्येन्द्र कुमार आजु सरस्वती विद्या मंदिर इंटर कालेज हुकुलगंज, चित्रकूट कान्वेंट इंटरमीडिएट कालेज अउर प्राथमिक विद्यालय सरइया में इतिजामन क जायजा लिहलें। चंदौली समेत प्रदेस के 12 जिला क कइ गांव बाढ़ के पानी से घिरल हवें।

**********